úshinshi epizodta ol onnan da kóbirek (onda melodiyahq aylanba bir demde 32 takt dawamında) sozılıp keledi: «Dembermes» qosıǵında epizodlar barǵan sayın háwijge minip, joqarı órlep baradı da, keyingi juwmaqlawshı bóliminde taǵıda páseńlep dáslepki qáddine túsedi.

«Dembermes» naması qońsılas ózbek hám túrkmen xalıqları arasında da keń taralǵan. Ekinshi toparǵa kiretuǵın awızeki professional namalarǵa: «Ala qayıs», «Adıńnan», «Eshbay», «Dárdińnen», «Qoshades», «Muxalles» namasınıń túrleri, «Gór qız», «Sanalı keldi», «Saltıq», «Sárbinaz», «Muwsa sen yarı», «Jeti asırım», «Xoja bala», «Idiris», «Úshtop», «Gúlpaq», «Mertewil», «Sáwdigim», «Qoshım palwan», «Kemine», «Qaradáli», «Tarlan», «Demirdonlı», «Kepter», «Xojabaǵman», «Tábriz», «Sayqalı nalısh», «Nalısh», «Kelte nalısh», «Teke nalısh», «Láy-láy», «Azizim», «Perizat», «Ániypa», «Qızlar úyge kir», «Bes perde», «Ílǵal», «Keńes», «Nedaǵı dos» hám.t.b. namalardı aytıwǵa boladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Q.Ayımbetov “Xalıq danalıǵı” 1988-j.
2. Q.Maqsetov “Qaraqalpaq jıraw, baqsıları” 1983-j
3. Á.Xalimov “Qaraqalpaq xalıq qosıqları” 1959-j
4. Q.Maqsetov “Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri” 1996-j
5. Q.Ayımbnetov “Xalıq danlıǵı” Nókis.Qaraqalpaqstan,1988 j. 492-bet.
6. Akbarov I.A. “Qaraqalpaq xalıq namaları” T.1959-j.

REZYUME. Biz bul maqalamızda qaraqalpaq muzıka kórkem-óneriniń túp saǵası bolǵan xalıq qosıqlarınıń, namalarınıń hám professional muzıkanıń payda bolıw, dóreliw hám qáliplesiw tariyxın analizlewge háreket ettik.

РЕЗЮМЕ. В этой статье мы попытались проанализировать историю возникновения, создания и становления народных песен, наигрышей и профессиональной музыки, являющихся коренным источником Каракалпакского музыкального искусства.

SUMMARY. In this article, we have tried to analyze the history of the emergence, creation and formation of folk songs, plays and professional music, which are the root source of the Karakalpak musical art.

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНЫҢ АЛТЫН ҒӘЗИЙНЕСИ

Бахыт Пиязова – *оқытыўшы*

Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: ҳалқ педагогикаси, достонлар, эртаклар, мақоллар, афсоналар, инсонпарварлик, миллий қадирият, ибо, ватанга содиқлик, ваъдага вафолилик.

Ключевые слова: народная педагогика, эпос, сказки, пословицы-поговорки, притчи и легенды, человечность, национальные традиции, скромность, уважение, широта души, преданность родине и слову.

Key words: public pedagogics, epos, fairy tales, proverbs and sayings tongue-twisters, decentness and legends, humanity, national traditions, modesty, respect width of the soul, devotion to native land and word.

Дәстүрлер, үрп-әдетлер, салт-сана жәмийеттеги соцаллық қатламлардың түрлерин, мәдениятты дәрежесин көрсетиўи менен бирге тәрбияның да тийкарғы қуралларын, адамларды жәмийетлик қадағалаўдың ҳәм бириктириўдиң әҳмийетли формасын да көрсетеди.

Дәстүр дегенимиз ҳаслында әўладтан-әўладқа жеткерилетуғын үрп-әдет, улыўмалық тәртип, әдеп-икрамлылық нормасы болып есапланады. Усындай миллий мәнаўий мийрасларымыздың үлгилериниң бири нақыл-мақаллар инсанятты бахытлы, меҳир-мириўбетли, ҳүжданлы, парасатлы етип туўры жолға бағдарлаўда әҳмийети уллы, халықтың әсирлер бойы бай өмир тәжирийбесинен пайда болған халық арасындағы данышпан адамлар тәрепинен оғада қысқа ҳәм көркем етип дөретилген сөз маржанлары болып табылады. Нақыл-мақаллар жүдә ерте дәўирлерде-ақ еле китап, қағаз жазыў болмаған заманларда өзиниң даналық мазмуны менен адамларға туўры жол ҳәм оннан бахыт табыўға силтеген мәнаўий қуралы болып табылады. Ҳәр бир инсан жәмийетлик мораль қағыйдаларын тутса, парасатлы, түсимпаз, мийзамкеш,

көргенли болса ол адам әлбетте, өмирден өз орнын таба алыўы, бахытлы болыўы мүмкин. Инсанды тәрбиялы, ақыл-парасатлы ҳәм бахыт формуласын таба алыўына жол көрсетиўши руўхый дәрек нақыл-мақаллар болып табылады. Мәселен: «Ашыў душпан – ақыл дос», «Суў көрмей етик шешпе», «Шешинген суўдан тайынбас», «Қайтып келер есикти қатты жаппа», «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады», «Аўзың қанға толсада, душпанның алдына төкпе» ҳәм т.б. нақыл-мақалларда инсанды мәниўий жетикликке тәрбиялайуғынында көринеди.

Қарақалпақ халық педагогикасында ата-бабаларымыздың басып өткен қыйын дәўирлери, бир-биреўдиң аўыр күнинде сүйесиўдей пазыйлетлери арқалы жеңип өтиўлери ҳәм өмирде өз жолын аңсат табыўында дослық, адамгершилик қәсийетлери, бир-биреўге болған сыйласықтың зәрүр екенлигин итибарға алып келген. «Мусылманшылықтың тийкарғы әҳмийети оның адамгершилигинде. Ал адамларды байланыстырыўшы дерек оларға тән болган адамгершиликте. Демек, адамлар жәмийет болып жасаўы тийис болған инсаният түркимине кирер екен, олар өз-ара тынышлық татыўлықта жасаўы тийис деген қағыйда ислам дининиң баслы идеясы болып есапланады». [1:26]

Көркем әдебияттың жанрларға ҳәзиргидей болып бөлиниўи узақ дәўирлерди өз ишине алады. Синкретикалық көркем өнер ең ески жанр болып, қарақалпақ фольклорында сақланып келген. Қарақалпақ фольклорын жанрлық жақтан классификациялағанда мотивке тән сюжет, композиция, яғный саз, сөз, ҳәрекетлердиң өзине тән туўма ырғақлары менен бир-биринен ажыралып турағуғынын көриўимизге болады. Қарақалпақ халқының салт-дәстүр жырларында да бахытлы болыўға шақыратуғын идеялар жәмленген болып, халықтың турмысында, күнделикли өмир тиришилигинде, той-мерекелерде әҳмийетли орын ийелейди. Салт-дәстүр жырлары өзиниң атқаратуғын хызмети, турмыста қолланылыў өзгешеликлери менен халық қосықларынан ажралады. Салт-дәстүр жырларының тәрбиялық әҳмийети оғада күшли болып, ҳәр бир инсанды бахытлы болыўға шақырыўшы, өмирде сүрникпей туўры жолды таңлаўға бағдарлаўын биз күнделикли турмыстан да аңлаймыз. Мәселен, «Беташар» дың кириспесиндеги айтылатуғын нәсият қатарлар тек таза келинге тийисли болмай, ол көпшиликти де жақсы инсан болыўға шақырады. Бул нәсият мазмунындағы беташар дәстүри келиншектиң бахытлы болыўға шақырыўшы өмирлик қубылыслардың, турмыстың барлық заңлы қақыйдалар жыйындысы болып табылады. Халық беташардың күши менен өз әўладларын адамгершиликке, дослыққа, сабырлылыққа, мийнет сүйиўшиликке тәрбиялаған.

Ҳәзирги ўақытта ескиден киятырған үрп-әдет дәстүрлерге, халық ырымлары, салт-дәстүр жырлары, ертеклерге, улыўма халықтың көркем аўызеки дөретпелерине жаңа көз-қараста болыўымыз өз-өзинен пайда болған қубылыс. Себеби елимизде пайда болған жаңа жәмийетлик, миллий мәнаўий көз-қарастың жүзеге келиўи, халықлардың мәдений мийрасларына, миллий өзгешелигине ески руўхый қәдириятларды қайта тиклеўине ҳәрекет етиўи усы нәрселерди қолға алыўға түртки болды. Сондай-ақ, халық еректеклери балаларды жақсы ислерге, жақсылыққа, мийнетке ҳәм оннан бахыт табыўға жол силтейтуғын руўхый азық болатуғын әҳмийети мәнаўий қурал болып табылады. Ертеклердиң мазмунына, идеясына, композициялық қурылысына карай оның басланыўы, ўақыяның раўажланыўы яғный шийеленисиўи, шешилиўинде жуўмақты күтип отырасаң. Ҳәр бир ертектиң өзине тән өзгешеликлери бар. Ертеклерди айтыўшылар жеке өзиниң талантына, сөз сөйлеў шеберлигине қарап ҳәр қыйлы баслап, ҳәр қыйлы айтып, ҳәр қыйлы муқамда тамамлаған. Көбинше «Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде» деп баслайтуғын болған.

Жуўмақлағанда да «Әне усылай мурад-мақсетине жетеди» яки «бахытлы болыпты» дегендей сөзлер қолланылған.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Қарақалпақ этнопедагогикасы (Педагогикалық институттың талабалары ушын оқыў қолланба). –Нөкис: «Билим», 2010, 26, 49,50-б.

2. Ахметов С, Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис «Билим». 1992.

3. Ахметов З. Өлең сөздиң теориясы. «Мектеп» Алматы. 1973.

4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. «Қарақалпақстан» Нөкис. 1971.

РЕЗЮМЕ. Бу мақолада бугунги куннинг долзарб масалалари-инсонийлик фазилатлари ҳақида айтилган. Бунда бугунги кун ёшларидаги дўстлик, инсонпарварлик ҳислатларини шакллантирадиган фикрлар келтирилган. Мақолада халқ оғзаки ижоди намуналаридан фойдаланилган. Миллий қадриятлар, ота-бобалар тарбияси ҳақида фикрлар айтилган. Мақолада ёшлар тарбияси учун зарур тарбиявий ҳислатларни шакллантирадиган ҳаётий мисоллар берилган.

РЕЗЮМЕ. В статье говорится об одной из актуальных проблем сегодняшнего дня- о человечности. В ней поднимаются вопросы формирования у молодёжи таких качеств как дружба и человечность. В статье используются образцы устного народного творчества. Высказываются мнения о воспитании наших предков, о национальных ценностях. Приводятся примеры из жизни имеющие учебно-воспитательную ценность в формировании нравственности у молодёжи.

SUMMARY. The article deal wint one of the actual issues today humanity.The article is said about one of the most important problems of humanities There are discussed such questions as forming friendship and humanity in the upbringing of youth. The author used the samples of folklore and quoted the ideas of our ancestors about education and national values. The examples from real life have educational value for the youth in the formation of morality.

MIZANSSENA: THE ART AND SCIENCE OF STAGING IN THEATRE

Nazira Primbetova – *docent*
Nukus branch of the Institute of Arts and culture of Uzbekistan

Tayanch so‘zlar: mizanscena, teatr ishi, aktyor joylashuvi, bloklash, set dizayni, rejissyorlik ko‘rinishi, hissiy rezonans, tomoshabinlar ishtiroki, madaniy istiqbollar.

Ключевые слова: мизансцена, театральная постановка, размещение актеров, блокинг, сценография, режиссерское видение, эмоциональный резонанс, вовлечение аудитории, культурные перспективы.

Key words: mizanssena, theatre production, actor placement, blocking, set design, directorial vision, emotional resonance, audience engagement, cultural perspectives.

Mizanssena, as a fundamental element of theatrical production, involves the careful orchestration of actors, props, lighting, and other scenic elements on the stage. This process is not merely about the physical arrangement of components; rather, it is an artful and intentional endeavor that influences the audience's perception, emotional engagement, and understanding of the performance. Historical Roots. The origins of mizanssena can be traced back to ancient Greek theatre, where the positioning of actors and chorus members played a crucial role in the delivery of the narrative. Over the centuries, various theatrical traditions have refined and expanded upon these principles, with the Renaissance and later movements contributing to the development of elaborate stage designs and intricate blocking techniques. Components of Mizanssena. a. Actor Placement: The spatial arrangement of actors on stage is a critical aspect of mizanssena. The director's decisions regarding actor positions can convey power dynamics, relationships, and emotional nuances that enhance the overall impact of the performance. b. Movement and Blocking: Mizanssena involves the choreography of actor movements, commonly referred to as blocking. The director, in collaboration with the choreographer, determines the path and tempo of actors' movements, contributing to the seamless flow of the narrative. c. Set Design: Mizanssena extends to the design and arrangement of the stage itself, encompassing set elements, furniture, and props. These visual elements not only provide context but also serve as symbols that reinforce the underlying themes of the production. Mizanssena in Contemporary Theatre. In the modern era, advancements in technology have expanded the possibilities of mizanssena. Projection mapping, virtual sets, and innovative lighting techniques contribute to a heightened sensory experience for the audience. However, the essence of mizanssena remains rooted in the director's ability to manipulate the physical and visual elements of the stage to evoke a desired emotional response. Ideological Significance. Beyond its technical aspects, mizanssena plays a pivotal role in conveying the ideological themes of a theatrical work. The intentional arrangement of actors and elements on stage serves as a powerful tool for directors to communicate deeper meanings, social commentary, and cultural context. [1.317] In conclusion, mizanssena stands as a dynamic and indispensable facet of theatrical production. From